

# Tata Pangibadah Minggu Biasa XV - 12 Juli 2020

Gedung Induk Papringan, jam 06.30 WIB

Pepanthan Nologaten, jam 08.30 WIB

1. **Pacawisan: Imam Pandonga ing Konsistori**

2. **Liturgos** : “Pasamuwan kinasih wonten ing Gusti Yesus Kristus, Shalom, sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah minggu punika, mugi berkah lan kasarasan tansah wonten ing panjenengan sadaya. Kula ugi ngaturaken sugeng nindakaken pangibadah sae menika pasamuwan ingkang saged rawuh wonten ing greja menapa dene pasamuwan ingkang nindakaken pangibadah wonten dalem utawi papan dunungipun piyambak-piyambak. Saderengipun pangibadah kawiwitan, kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos greja, Minggu, 12 Juli 2020, ingkang mekaten: ...(*maosaken pawartos pasamuwan*). Jangkeping pawartos saged dipun waos lumantar pawartos online kagem pasamuwan ingkang nindakaken pangibadah wonten dalem, utawi lumantar selebaran ingkang kacawisaken dhumateng pasamuwan ingkang rawuh wonten greja.

Pasamuwan kinasih, sumangga kanthi bingahing manah kita sami murwakani pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 353 : pada 1 “Sembah Bakti Wah Puji”**

Sembah bakti wah puji konjuk ngarseng Gusti,  
kang mberkahi grejanya, temah tansah begja.  
Injil kraton ing Allah ingundhangken sumrambah.  
Asmane kamulyakna dening sagung bangsa.

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan :**

**Pendeta** : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :

**Sadaya** : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

**Pendeta** : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan anak-anak sedaya.

**Pasamuwan** : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

**Sadaya** : **5 7 i / 5 7 i . / 5 4 3 . /**

**Amin amin amin**

**(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah)**

4. **Lektor** : **Waosan Sabda Introitus : Yesaya 55 : 10 – 13** (*Pasamuwan Lenggah*)

**Lektor** : **“Mekaten sabdanipun Gusti”**

**Pasamuwan** : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

5. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, Sadherek, ugi Para Putra kinasih, punapa kemawon ingkang dados sabdanipun Gusti, tansah tumurun kadosdene jawah lan salju ingkang damel segering tetuwuhan. Semanten ugi manah kita sadaya, badhe dipun segeraken lumantar Sabdanipun ingkang langgeng lan mboten sirna. Pramila sumangga kita sami surak lan keplok suka-bingah memuji Asmanipun Gusti kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 385 “Srengenge Nyunar”**

Srengenge nyunar kanthi mulya; manuke ngoceh klawan rena;  
angine midit ana ing wiwitan; kewane bebungah ing pasuketan.  
Kabeh padha muji Allah kang loma; kabeh padha muji Allah kang loma...

6. **Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan : Wahyu 3 : 19 – 20**

7. **Imam : Pangakening Dosa**

**Imam** : “Pasamuwan kinasih, Gusti Yesus punika welas asih. Sinten kemawon ingkang dipun welehaken Gusti utawi dipun rangket, inggih punika tiyang ingkang dipun tresnani Gusti, supados sami sumarah lan mratobat. Pasamuwan kinasih, punapa kita sampun ngrumaosi rikala Gusti thothok-thothok ing manah kita, lajeng kita mbikakaken lawang lan manggihi Gusti? Pramila, menawi kita dereng saged mujudaken karsanipun Gusti, kanthi andhap asor kita nyawisaken pandonga pamratobat. Kita cawisaken lumantar repening **Kidung Pasamuwan Kristen Lami 142 : pada 1 lan 7 “Kidung Panelangsa”**

(1) Dhateng pundi Gusti kula  
Klangenaning tyas mami  
Dhateng pundi ta purugnya  
Pundi nggen kula nglari?

(7) Adhuh Gusti tuki lipur  
Mugi wangsul mring kula  
Kula badhe ngestokaken  
Prentah Tuwan sadaya.

8. **Imam : Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:**

“Gusti Allah ingkang maha welas asih, kawula sowan wonten ngarsa Paduka, ngrumaosi sadaya karingkahan kawula. Minangka umat pakaryan Paduka, kawula dereng saged nyembadani punapa inkang dados karsa Paduka. Kawula taksih ngedir-diraken kekiyatan kawula piyambak, kawula mboten ngrumaosi bilih Paduka sampun rawuh, namung kawula mendel lan mboten ngaturi Paduka lumebet. Pramila dhuh Gusti, nglenggana sadaya kalepatan lan karingkahan kawula, kawula ngaturaken pamratobat punika. Mugi Gusti karsa paring pangapunten sakathahing dosa kawula. Atur pamratobat kawula punika, kawula unjukaken wonten ngarsa Paduka lumantar juru wilujeng kawula Gusti Yesus Kristus. Amin.”

9. **Pendeta : Sabda Pawartos Sih-Rahmat : Yokanan 5 : 24 - 25**

10. **Pendeta : Sabda Pangatag-atag Gesang Anyar : II Timotius 3 : 15 - 16**

11. **Liturgos** : “Bapak, ibu, sadherek, lan para putra kinasih, Gusti Allah boten nate nilar sinten kemawon ingkang midhangetaken pitedahipun, satemah piningan gesang langgeng amargi sampun kapindhahaken saking pejah wonten ing gesang. Pramila sumangga kita tansah nyanggemi dhawuhipun Gusti, mawartosaken sedaya pakaryanipun Gusti tumrap sesami. Minangka kesanggeman, sumangga kita sami ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 452 : pada 1 lan 4 “Tekading Manah Kula”.....Pasamuwan kula aturi jumeneng.**

(1) Tékadang manah kawula  
tansah ndhèrèk mring Gusti,  
yéku Panutan sanyata,  
nggih Panebus sejati.

Refr: Margining salib ingambah,  
mbangun turut mring Allah.  
Mbabarken tresna sejati,  
mrih jagad tentrem basuki.

(4) Sanadyan rumpil marginya, nging Gusti tansah nganthe.  
Nadyan ribed lan sangsara, kula tegen nglampahi.....Refr:

12. **Wedharing Sabdanipun Gusti:**

*(Pasamuwan Lenggah)*

**Pendeta : Maosaken : MATEUS 13 : 1 – 9, 18 - 23**

**Pendeta : “Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.”**

**Pasamuwan : 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |  
Hale-luya Hale-luya Hale - lu - ya**

**Irah-irahan : “Ngedalaken Wohing Sabdanipun Gusti”**

**Ancas : Pasamuwan kajurung kagem nampi Sabdanipun Gusti supados ngasilaken woh ing gesangipun.**

**13. Kempaling Pisungung**

**Imam:** “Pasamuwan ingkang kinasih, kita sampun mirengaken sesarengan sabdanipun Gusti, lan sampun samesthinipun menawi kita ngupados satemah ngasilaken woh tumrap gesang kita langkung-langkung kagem sesami. Pramila minangka atur panuwun awit lubering berkah saking Gusti, sumangga kita ngaturaken pisungung Minggu, Wulanan, utawi Mirunggan. Pisungung minggu mawi kanthong 1 lan 2 kacawisaken kagem pasamuwan, lan kanthong 3 kacawisaken kagem panyengkuyung pengadaan rumah emeritus. Atur pisungung kinanthen sabdanipun Gusti minangka tetales ingkang sinerat ing **Rum 11 : 36 – 12 : 1**, mekaten suraosipun: **“Awitdene anane samubarang kabeh iku saka ing Panjenengane, lan marga dening Panjenengane, sarta lumadi marang Panjenengane: Kamulyan kagama ing Panjenengane salawa-lawase. Kang iku para sedulur, marga saka sih-kamirahane Gusti Allah, aku pitutur marang kowe, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi kepareng Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sejati.”**

**Imam :** Kempaling pisungung kinanthen repening **Kidung Pasamuwan Jawi 194 : pada 1 dumugi 3 “Kitab Suci Kang Adi”**

- |   |  |
|---|--|
| (1) Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati endah saklangkung éndah nugraha saking Allah, nugraha saking Allah.     | (2) Lembar sabda Paduka nuntun gesang kawula dadya pedhang menjila tamèng saking bebaya, tamèng saking bebaya. |
| (3) Sabda lan Roh sung nglipur nuwuhken raos sokur. Jinugarken kang nglawan dadya pangéwan-éwan, dadya pangéwan-éwan. |  |

**14. Pdt: Pandonga Sokur lan Syafaat**

**15. Liturgos :** Sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli, pasamuwan katuran jumeneng....**

**16. Pendeta : Berkah.**

**17. Liturgos :** “Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika, kondur kalayan nyuraosi sabdaning Gusti lan matrapaken wonten ing gesang padintenan. Pangibadah katutup kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen 167 : pada 1 “Panuntuning Gusti”**

Allah Rama ngreksa ngrimati kula, kabegjan kraharjan kang pinanggya lamun nyanggi momotan lan sangsara, tinunggil mrih tan ngantos semplah,

Refr:

Kula pasrah lan sumarah mring Gusti panuntunnya wus mesthi prayogi ing wusananya kula dugeng swarga satuhu ngrasuk gesang sampurna.

**18. Liturgos:** “Pasamuwan kinasih, mekaten kala wau pacawisan pangibadah minggu punika. Sugeng lumebet ing gesang padintenan kanthi sami njagi kasarasan ingkang katuntun saking protokol kesehatan. Sugeng dinten Minggu, Gusti tansah paring berkah.”